



Si Ou Te Resewwa Yon Sitasyon Oswa Yo Te Sezi Pwopriyete Ou

Èske yo te sezi pwopriyete ou?:

Nan sèten ka, otorize yo ka pran pwopriyete ou nan men ou. Pwopriyete yo pran an gendwa machin ou, charyo oswa kamyonèt mobil pou vann manje ou, bekàn elektwonik ou, oswa eskoutè ou. Nan ka sa yo, gen yon demach pou w suiv pou w yo ka remèt ou pwopriyete ou a.

Ou ka konteste sitasyon an:

Ou gen dwa pou w ale nan yon “odyans rapid” pou konteste sitasyon ou te resevwa a. Sa vle di ou ka fè yon odyans tousuit. Ou pa bezwen tann dat odyans ki make sou sitasyon ou an.

1. **Pou w ka jwenn yon odyans rapid, ou dwe ale nan adrès biwo OATH ki mache sou sitasyon ou an.** *Remak: Kounye a la OATH ap fè odyans rapid yo **sèlman** a distans poutèt COVID-19 la epi pou fè yon demann w ap bezwen rele (844) 628-4692.
2. OATH pral kowòdone pwogramasyon odyans la epi di ou dat ak lè odyans la (jeneralman nan 72 èdtan apre yo resevwa demann nan). Pou sèten vyolasyon, ajan ki bay sitasyon an ap prezante nan odyans la.
3. Apre odyans la, w ap resevwa yon desizyon menm jou an nan men yon Ajan Odyans OATH ki pral deside si yo ta dwe “Anile” sitasyon ou a oswa si li twouve ou “Koupab pou Vyolasyon” an.

Ou gendwa aksepte sitasyon an epi peye amann nan:

Ou gen chwa pou aksepte sitasyon an epi peye amann ou oblije a san ou pa ale nan yon odyans. Pou fè sa, w ap bezwen nimewo sitasyon an. Ou ka peye sanksyon an [sou entènèt](#), pa lapòs (w ap bezwen voye peman an nan adrès sa: Finance Commissioner, City of New York, PO Box 4199, Church Street Station, New York, NY 10261-4199) oswa fas-a-fas.

*Remak: Poutèt sityasyon n ap viv kounye a, OATH ap aksepte peman fas-a-fas sèlman nan biwo OATH nan Manhattan nan.

Èske gen yon moun ki te ka ede mwen konprann sitasyon mwen resevwa a (yo)?

Wi, OATH gen yon Sant Èd ak Kowòdonatè Jistis Pwosediral k ap travay la epi yo ka kontre ak ou pou eksplike ou akizasyon yo, pwosesis odyans la, sanksyon ou ka genyen, etap pou w suiv pou yo remèt ou pwopriyete ou a, kijan pou w rezoud nenpòt vyolasyon, ak plis toujou! Tanpri gade nan enstriksyon yo ki anba sou fason pou kontakte Sant Èd la.

Èske y ap remèt mwen pwopriyete mwen an?

Malgre yo ta sipoze remèt ou pifò pwopriyete depi sou suiv pwosesis ki anba a, gen kèk pwopriyete pou vann Minisipalite a ka vle kenbe. Se Depatman Lwa Vil New York la k ap pran yon desizyon sou posiblite pou kenbe pwopriyete ou a (gade etap 7 anba a).

Si pwopriyete mwen an elijib pou yo remèt, kijan pou m fè pou yo remèt mwen pwopriyete mwen an?

Si yo ka remèt pwopriyete ou a, men kisa w ap bezwen:

1. Yon kopi desizyon OATH la ki anile sitasyon ou yo oswa jwenn ou “Koupab pou Vyolasyon” an.
2. Yo resi ki montre ou te peye pou sanksyon ou an, si genyen.
3. “Nimewo fakti” pou pwopriyete yo te sezi a. (Pou jwenn sa w ap bezwen kontakte komisarya polis ki te ba ou sitasyon yo).
4. Yon pyès idantite ki ge foto ou ak adrès ou.
5. Prèv ou se mèt pwopriyete yo te sezi a. Tanpri note ou ka bezwen plis montre prèv si pwopriyete yo pran nan men ou a se te pwopriyete yon lòt moun.



OFFICE OF ADMINISTRATIVE TRIALS AND HEARINGS

Help Center

6. Yon kopi sitasyon yo.
7. **Pou vandè yo:** Apre ou fin jwenn dokiman yo ki anwo a, voye yon kopi chak dokiman konplè ak byen klè bay: ALVendors@law.nyc.gov epi y ap ba ou plis enfòmasyon pou w ka konnen si pwopriyete ou a elijib pou yo remèt ou, epi si se sa, kijan pou w fè pou w al pran pwopriyete ou a.
8. **Pou moun ki pa vandè yo:** Lè ou pare pou w al pran pwopriyete ou a, kontakte Erie Basin Auto Pound nan (718) 246-2031 pou w konfime ak yo kisa ou bezwen pou w vin pran pwopriyete ou a. Si pa chans pwopriyete ou a pa la, tanpri kontakte Sant Èd OATH la oswa komisarya ki te ba ou sitasyon an (ki sou sitasyon ou an) pou yo ka ede ou.

*** Tanpri Note se sèlman ajans polis ki te pran pwopriyete ou an ki gen dwa pou remèt ou li. ***

Pou jwenn plis èd, tanpri kontakte Sant Èd OATH la fas-a-fas nan nenpòt biwo OATH, soti lendi rive vandredi, at 8è nan maten ak 5è nan laprèmidi, pa telefòn nan nimewo (212) 436-0845, oswa pa imèl nan Manhelpcenter@oath.nyc.gov. Tanpri note, poutèt COVID-19, èd fas-a-fas gendwa pa disponib nan moman an.